**दिन—बुध** **दिनांक—06.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

विधानसभा चुनावक पहिल चरणक लेल अठारह जिलाक एक सय एक्कैस विधानसभा क्षेत्र मे कड़गर सुरक्षा के मध्य शांतिपूर्वक मतदान संपन्न भऽ गेल। सांझ पांच बजे धरि साठि दशमलव एक—आठ प्रतिशत लोक अपन मताधिकार के प्रयोग कयलनि। सभ सँ बेसी बेगूसराय जिला मे सडसठि दशमलव तीन—दू प्रतिशत, जखनकि सभ सँ कम शेखपुरा जिला मे बावन दशमलव तीन—छओ प्रतिशत मतदान भेल। दोसर चरणक अंतर्गत बीस जिलाक एक सय बाईस विधानसभा क्षेत्र मे एगारह नवम्बर के मतदान होयत। मतक गिनती चौदह नवम्बर के कयल जायत।

---

पहिल चरण मे एक सय बाईस महिला सहित एक हजार तीन सय चौदह उम्मीदवार लोकनिक चुनावी भाग्य ईवीएम मे सील भऽ गेल। एहि चरण मे उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी तथा विजय कुमार सिन्हा सहित नीतीश सरकारक सोलह मंत्री लोकनिक चुनावी भाग्य ईवीएम मे बंद भऽ गेल अछि। एकर अलावे, नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव, जनशक्ति जनता दलक तेज प्रताप यादव, लोक गायिका मैथिली ठाकुर आ भोजपुरी सिनेमाक प्रतिष्ठित अभिनेता खेसारी लाल यादव के राजनीतिक भाग्यक निर्णय सेहो एहि चरण मे होयत।

---

पहिल चरणक सभ सीट पर मुख्य मोकाबिला एनडीए आ महागठबंधन उम्मीदवारक मध्य अछि। ओना कतेको सीट पर त्रिकोणीय मोकाबिला हेबाक संभावना अछि। एहि चरणक चुनाव मे एनडीए के दिस सँ सभ सँ बेसी संतावन सीट पर जनता दल यूनाईटेड के प्रत्याशी चुनावी मैदान मे छथि। ओतहि, भाजपा अड़तालीस आ लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलास चौदह सीट पर चुनाव लड़ि रहल अछि। महागठबंधन मे राष्ट्रीय जनता दलक सभ सँ बेसी

तिहत्तर प्रत्याशी चुनाव लड़ि रहल छथि, जखनकि, कांग्रेसक चौबीस आ सीपीआई माले के चौदह प्रत्याशी पहिल चरण मे चुनावी मोकाबिला मे छथि। मुकेश सहनी के नेतृत्वबला विकासशील इंसान पार्टी पांच प्रत्याशी के टिकट देने छल। जखनकि, सीपीआई आ सीपीएम तीन–तीन सीट पर अपन प्रत्याशी ठाढ़ कएने छल।

———————————————————————————

लखीसराय सँ भाजपा प्रत्याशी आ उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा के काफिला पर असामाजिक तत्व हमला कऽ देलक। श्री सिन्हा एहि हमला के लेल सोझे रूप सँ राजद के जिम्मेदार ठहरौलनि अछि। एम्हर, निर्वाचन आयोग एहि घटना के गंभीरता सँ लैत पुलिस महानिदेशक के आरोपी सभक पहचान कऽ कड़गर कार्रवाई करबाक निर्देश देलाक अछि। एम्हर, सारण के मांझी सीट सँ सीपीआई प्रत्याशी सत्येन्द्र कुमारक काफिला पर सेहो हमला हेबाक जनतब अछि।

———————————————————————————

विधानसभा चुनावक मतदान प्रक्रिया के अवलोकन करबाक लेल अंतर्राष्ट्रीय चुनाव आगंतुक कार्यक्रमक अंतर्गत कतेको देशक प्रतिनिधि लोकनि विभिन्न विधानसभा क्षेत्र सभक दौरा कयलनि। फ्रांस, दक्षिण अफ्रीका, बेल्जियम, इंडोनेशिया, फिलीपींस, थाईलैंड आ कोलंबिया सँ आयल प्रतिनिधि लोकनि पटना, वैशाली, सारण, मुजफ्फरपुर, नालंदा सहित कतेको जिला मे भ्रमण कयलनि आ चुनाव आ मतदानक प्रक्रिया के जनतब लेलनि।

———————————————————————————

विधानसभा चुनावक दोसर चरणक लेल प्रचार कार्य जोर–शोर सँ चलि रहल अछि। भाजपा के वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आइ अररिया जिलाक फारबिसगंज आ भागलपुर मे पार्टी उम्मीदवार लोकनिक पक्ष मे चुनावी सभाक संबोधित कयलनि। श्री मोदी कहलनि जे राजद आ कांग्रेस अपन शासनकाल मे एक पीढ़ी के भविष्य के पूर्णरूपेण बर्बाद कयलक अछि। भाजपा के वरिष्ठ नेता आ केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह मधुबनी, पूर्वी चम्पारण आ पश्चिमी चम्पारण जिलाक फराक–फराक विधानसभा क्षेत्र मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री शाह विश्वास व्यक्त कयलनि जे एक बेर पुनः राज्य मे एनडीए के सरकार बनऽ जा रहल अछि।

भाजपा के वरिष्ठ नेता आ केंद्रीय रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह केसरिया, चिरैया आ बथनाहा विधानसभा क्षेत्र मे एनडीए प्रत्याशी लोकनिक समर्थन मे चुनावी सभा कयलनि। श्री सिंह कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे बिहार विकसित राज्य बनबाक पथ पर लगातार अग्रसर अछि। उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बगहा, बेतिया आ परिहार विधानसभा क्षेत्र चुनावी सभा के संबोधित करैत राजद आ कांग्रेस पर जमिकऽ निशाना साधलनि।

भाजपा के वरिष्ठ नेता आ केंद्रीय मंत्री नितिन गडकरी सुपौल विधानसभा क्षेत्र मे, हेमंत बिस्वा सरमा बरारी मे चुनावी सभा के संबोधित करैत एनडीए उम्मीदवार लोकनिक पक्ष मे लोकसभ सँ मतदान करबाक अपील कयलनि। एम्हर, जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार झाझा आ करपी सहित कतेको आन विधानसभा क्षेत्र सभ मे चुनावी सभा कयलनि। श्री कुमार अपन सरकारक उपलब्धि के चर्चा करैत लोकसभ सँ एनडीए उम्मीदवार के विजयी बनेबाक अपील कयलनि। एम्हर, कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी पूर्णियां आ अररिया मे जनसभा के संबोधित करैत राज्य आ केंद्रक एनडीए सरकार पर जमिकऽ आरोप लगौलनि। श्री गांधी कहलनि जे नीतीश कुमार सरकारक चाभी आब नरेंद्र मोदी के हाथ मे चलि गेल अछि।

कांग्रेसक राष्ट्रीय महासचिव प्रियंका गांधी गोविन्दगंज, रीगा आ बेनीपट्टी विधानसभा क्षेत्र मे चुनावी सभा के संबोधित करैत सत्ता परिवर्तनक लेल मतदानक अपील कयलनि। राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव मधुबनी, सुपौल, किशनगंज, कटिहार आ पूर्णियां जिलाक विभिन्न विधानसभा क्षेत्र मे चुनाव प्रचार कयलनि। श्री यादव कहलनि जे महागठबंधन जे कोनो घोषणा कयलक अछि ओकरा पूरा कयल जायत।

---

समाप्त भेल।